

## Aprè yon Dezaz Natirèl fin pase

Fè konpayi Asirans ou oubyen ajan ou konnen ke genyen yon domaj ki rive lamenm apre sa fin rive. Si ou pa ka antre an kontak avèk ajan ou oubyen konpayi Asirans ou, rele Depatman Sèvis Finans Leta Floride (DFS) la pou yo ede ou nan nimero sa 1-800-22-STORM oubyen (850) 413-3089.

Fè reparasyon an ijans ki nesèsè yo epi kenbe dokiman ki pwouve sa. Asire ou ke ou kenbe tout resi ansanm avèk foto domaj ki rive yo anvan oubyen apre reparasyon yo.

Fè atansyon si domaj yo egzije ke ou kite kay ou. Asire ou ke kay ou pwoteje epi tenyen gazolin ou ansanm avèk elektrisite nan kay la. Antre an Kontak avèk ajan asirans ou epi ba li yon nimero telefòn kote yo kapab jwenn ou.

Fè atansyon avèk biznis ki fè reparasyon ki pa genyen bon repitasyon. Anplwayé moun ki genyen lisans ki otorize yo travay nan Leta Floride, moun ki genyen bon repitasyon, de preferans moun ki ofri sèvis sa nan kominote ou, epi fè atansyon avèk kontraktè oubyen “appraiser” ki di ke yo ka evalye reklamasyon ou. Ou kapab verifye lisans yon kontraktè e verifye pou ou wè si genyen ankenn plent ki fèt kont yo lè ou rele Depatman Lwa Pwofesyonèl ak Biznis Leta Floride la lè ou rele nimero sa 1-850-487-1395. Epi tou, mande ke yo founi referans yo genyen atravè travay yo te fè deja pou yon lot moun, epi asire ou ke ou fè Leta konnen si ou rankontre kontraktè ki pa genyen lisans le ou rele nimero sa 1-866-532-1440 oubyen [ULA@myfloridalicense.com](mailto:ULA@myfloridalicense.com).

Tout kontraktè ki lejitim dwe genyen asirans. Mande ke yo founi prèv ke yo genyen pwoteksyon pou si yo responsab legalman ansanm avèk si yo genyen Pwoteksyon pou moun ki sibi domaj le y’ap travay, epi apre sa, verifye enfòmasyon sa lè ou rele Division Of Worker’s Compensation nan nimero sa 1-800-742-2214. Si yo paka founi prèv, pa anplwayé yo epi fè yon rapò avèk Divizyon sa avèk menm nimero a.

Pa kouri siyen yon kontra. Mande omwen twa konpayi ki fè konstriksyon pou yo ba ou estimasyon, epi fè atansyon pou kontraktè ki mande ou ke ou peye yo an avans pou travay yo pral fè a. Yon kontraktè pa kapab ajiste reklamasyon ou avèk konpayi asirans ou si yo pa genyen yon lisans ki kalifye yo kòm etan yon ajistè piblik. Si kontraktè ou se yon ajistè piblik ki genyen yon lisans valid, kontraktè a paka ajiste reklamasyon an epi tou fè reparasyon kay la tou paske sitiyasyon sa kapab genyen

yon konfli denterè, e sa entèdi pa la Lwa Leta Floride. Si ou peye yon pati nan pri total pou travay la, li pa ta dwe plis ke yon tyè de pri total la. Lè ou ap peye itilize sèlman yon chèk oubyen yon kat de kredi, epi tou pa janm peye montan konplè a jiskaske travay la konplete jan ou vle’l la.

## Nimero Telefon Ki Enpotan

### Depatman Sèvis Finans Leta Floride Asistans pou le genyen Dezaz

1-800-22-STORM  
Oubyen (850) 413-3089

### Federal Emergency Management Agency (FEMA)

1-800-621-FEMA (1-800-621-3362)  
TTY: 1-800-462-7585

### Pou ou verifye sa règleman ou kouvri/ Rapòte Reklamasyon ou Citizens Property Insurance Corporation

1-866-411-2742

### Kwa Wouj Ameriken

1-800-RED-CROSS (1-800-733-2767)

### Enfòmasyon pou le genyen Ijans Leta Floride

1-800-342-3557

### Pou ou verifye lisans yon kontraktè Florida Department of Business and Professional Regulation

(850) 487-1395

### Depatman Agrikilti ansanm avèk Sèvis Konsomatè Leta Floride

1-800-435-7352

### Liy D’asistans Depatman zafè moun ki aje Leta Floride la

1-800-963-5337

### Depatman Sèvis Finans Leta Floride Liy Dirèk pou Fwòd

1-800-378-0445

# Asistans Pou lè genyen Dezaz Liy D’asistans pou Asirans



# 1-800-22-STORM

## Oubyen

# 1-850-413-3089



### ENFOMASYON KI ENPOTAN:

Konpayi Asirans met kay la

---

Nimero kontra Asirans mèt kay la

---

Nimero telefòn pou lè ou fè yon reklamasyon  
Antan ke mèt kay

---

Konpayi Asirans Machin

---

Nimero kontra Règleman Asirans

---

Nimero telefòn pou lè ou fè yon reklamasyon  
pou Machin ou

---

#### **K: E si pwopryete mwen sibi domaj?**

**R:** Kontakte konpayi Asirans ou. Pou ou jwenn yon nimero pou ou kontakte yo, rele Depatman Sèvis Finans Leta Floride (DFS) nan nimero sa 1-877-MY-FL-CFO oubyen (850) 413-3089.

#### **K. Kisa'm ta dwe fè si ajiste konpayi mwen apwoche'm?**

**R.** Mande ke yo montre ou lisans yo ki soti nan men Depatman Sèvis Finans lan oubyen mande yo pou yo founi prèv ke yo reprezante konpayi asirans ou si yo poko resevwa lisans yo kòm etan yon ajiste pou le genyen ijans. Tout Ajiste dwe genyen yon lisans, sa enkli ajiste pou le genyen ijans konpayi asirans ou kapab rele sot nan lot Eta nan peyi a. Ajiste konpayi asirans ou pap mande ke ou siyen yon kontra pou sèvis yo, yo p'ap fè ou peye yon frè pou yo ajiste reklamasyon ou. Pou ou verifye yon lisans, rele 1-877-MY-FL-CFO oubyen (850) 413-3089.

#### **K. E Ajistè Piblik yo?**

**R.** Si yon ajistè mande ou pou ou siyen yon kontra pou yon frè oubyen yon pousantaj peman ou pral resevwa pou reklamasyon ou pou li ajiste reklamasyon ou, sa vle di ke li posib ke yon ajiste piblik apwoche ou. Yon ajistè piblik dwe genyen yon lisans li resevwa nan men DFS, e li p'ap travay ni li p'ap reprezante konpayi asirans ou. Mande ajiste a si ou kapab we lisans li, epi ou kapab konpare li avèk kat didantite li resevwa nan men gouvènman an (tankou yon pèmi de kondui). Ajiste piblik ap ajiste reklamasyon ou e prezante enfòmasyon sa bay konpayi asirans ou si ou dakò ke li reprezante ou.

Si ou sispèk yon ajistè ki pa genyen lisans oubyen yon kontraktè ki pa genyen lisans apwoche ou, tanpri kenbe nenpòt ki kat biznis yo ba ou oubyen nenpòt lot enfòmasyon ansanm avèk Deskripsyon fizik yo. Epi tou, eseye dekri ki tip de machin yo genyen ansanm avèk plak machin nan si ou kapab. Enfòmasyon sa ap ede otorite yo le y'ap cheche moun sa k'ap kontakte moun san yon lisans.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

<http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers>.

#### **Enpòtan: Enfòmasyon sou ajistè piblik**

Ajistè piblik gen dwa apwoche ou pou yo ofri sèvis yo de lendi a samedi ant 8 e di maten e 8 e diswa. Pou reklamasyon orijinal ki fèt akòz yon dezaz ki lakòz gouvènè a deklare yon eta dijans, yon ajiste piblik yo genyen yon limit de 10 pousan yo kapab chaje ou kòm frè pou 1 an k'ap soti nan peman ou ap resevwa si ou rezoud reklamasyon ou, apre sa limit yo ka chaje ou se 20 pousan.

Ajistè piblik paka chaje ou yon frè pou peman ou resevwa anvan ou te siyen kontra a sou reklamasyon ou pou sèvis yo pa pèfòme.

Yon met règleman oubyen yon moun ki dwa fè yon reklamasyon genyen twa jou pou yo kapab anile yon kontra yo siyen avèk yon ajiste piblik oubyen si sa gen mwens ke 3 jou depi yo fin fè reklamasyon an avèk konpayi yo. Nenpòt kontra ou siyen avèk yon ajiste piblik pandan peryòd leta deklare ke genyen ijans jiska yon ane apre sa, ou kapab anile kontra ou nan 5 jou o pi plis apre ke ou fin siyen li san ankenn penalite. Nan tou de ka, ou dwe voye yon let ki sètifye bay ajiste piblik la, mande ke yo founi ou yon resi ki endike ke yo resevwa let la oubyen itilize yon lot mwayen pou ou voye let la pa lapòs ki pèmèt ou resevwa prèv ke moun nan resevwa dokiman ou voye a.

Lè ou ap anplwayé yon ajistè, sa pa garanti ke ou ap resevwa yon pi gwo peman sou reklamasyon ou ni li pa garanti ke ou ap resevwa yon peman pi rapid. Le ou siyen yon kontra avèk ajiste piblik la, konpayi an genyen yon obligasyon legal pou li enkli ajiste sa nan chèk y'ap ba ou a kòm etan yon moun ki dwe touche adisyonelman.

Si ou sispèk yon ajistè ap travay san li pa genyen yon lisans, si yon ajistè ap mande ke ou fè manti lè ou ap fè reklamasyon an, oubyen si ou sispèk genyen fwòd, rele 1-800-22-STORM oubyen (850) 413-3089.